

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra téh mangrupa rékaan, tapi teu saeutik ogé anu dumasar kana kajadian nyata, atawa gambaran kahirupan sosial masarakat sabudeureunana. Éta pamadegan téh luyu jeung pamadegan Nurgiyantoro (2013, kc. 5), anu nétélakeun yén model-modél kahirupan anu dikisahkeun ngaliwatan carita sastra mangrupa kiasan, simbolisasi, babandingan, atawa titiron tina kahirupan anu sabenerna. Carita dina sastra dikréasikeun dumasar pangalaman hirup jeung pamahaman kana rupa-rupa kajadian dina kahirupan, anu sacara faktual kapanggih di masarakat. Ku kituna, rupa-rupa kajadian jeung galur carita anu dikisahkeun dina karya sastra, sacara logika mibanda poténsi bakal enya-nya kaalaman dina kahirupan masarakat, najan sacara faktual, teu pernah aya jeung can kungsi kajadian. Éta karakteristik saperti kitu téh lumaku ogé dina sastra budak.

Sastra budak nyaéta karya sastra anu husus diciptakeun pikeun bahan bacaeun budak. Ku kituna, ieu sastra budak téh tangtu miboga karakteristik anu ngabédakeun jeung sastra déwasa (*adult literature*). Eusi kandungan sastra budak téh diwatesan ku pangalaman jeung kaweruh budak, anu bisa dihontal jeung dipaham ku budak, sarta pangalaman jeung kaweruh budak anu luyu jeung tahap kamekaran émosi jeung psikologisna (Nurgiyantoro, 2013, kc. 6). Pamadegan séjén ngeunaan sastra budak téh ditandeskeun deui ku Sarumpaet (2017, kc. 2), yén sacara tioritis, sastra budak téh sastra anu dibaca ku budak bari diaping jeung diarahkeun ku manusa sawawa atawa déwasa. Éta anggapan téh dideudeul ogé ku pamadegan WS (2015, kc. 2) anu nétélakeun yén sacara dikotomi, sastra budak téh kaasup karya sastra anu *layak*, dibaca, direungeu, atawa dikonsumsi ku budak. Standar *layak*, méré gambaran yén aya sarat husus ngeunaan baé henteuna, alus henteuna, jeung luyu henteuna éta karya sastra diajengkeun pikeun budak. Ayana sastra budak téh tangtu mangaruhan kana kaayaan psikologis budak (Anafiah, 2014, kc. 10).

Ema Rohimah, 2022

SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPEÐAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Cindekna, bahan bacaeun anu kaasup kana sastra budak téh kudu enyanya miboga karakteristik jeung sarat husus anu luyu jeung kamekaran emosional jeung psikologis budak, tur dina prosés nepikeun éta karya kudu bari diaping ku manusa sawawa. Ieu hal téh luyu jeung pamadegan Koswara spk. (2020, kc. 128), anu nétélakeun yén dina sastra budak nyangkaruk ajén-ajén atikan anu mangaruhan pisan kana tahap kamekaran psikologis jeung karakter budak. Kamekaran buku-buku bacaeun budak dina basa Indonesia geus mekar ti jaman orde baru anu diterbitkeun ku Balai Pustaka.

Salah saurang pangarang anu ngahususkeun diri nulis karya bacaeun budak dina kamekaran sastra Sunda téh nyaéta Samsudi. Karyana anu munggaran nyaéta *Carita Nyi Halimah*, anu medal taun 1928. Dua taun ti harita medal deui tilu bukuna, *Carita Budak Teuneung*, *Carita Budak Minggat*, *Carita Si Dirun*, *Jatining Sobot*, jeung *Babalik Pikir* anu medal taun 1931. Taun 1993, ngaran Samsudi téh jadi ngaran pangajén husus pikeun pangarang buku bacaeun budak dina basa Sunda, dina kagiatan Hadiah Sastra Rancagé.

Lian ti Samsudi, pangarang séjén anu réa nulis karya bacaeun budak téh nyaéta Usép Romli, H.M. anu nulis karya dina basa Sunda jeung Indonesia. Karya-karyana téh nyaéta *Si Ujang Anak Peladang* (1973), *Pahlawan-pahlawan Hutan Jati* (1974), *Nyi Kalimar Bulan* (1982), *Oray Bedul Macok Mang Konod* (1983), *Bongbolongan Nasrudin* (1983), *Aki Dipa* (1983), *Pertaruhan Domba dan Kelinci* (1984), *Dongéng-dongéng Arahéng* (1993), *Jang Adul Sabatur-batur* (2019), jeung réa-réa deui.

Buku-buku sastra bacaeun budak anu meunang pangajén téh tangtu miboga kaonjoyan anu hadé ti batan karya-karya séjénna, sarta ngandung aspék tatakrama jeung ajén atikan anu luhung pikeun dijadikeun conto atawa pieunteungeun nu maca. Lian ti buku-buku anu meunang panglélér hadiah Samsudi, aya ogé buku-buku anu jadi nominasi éta hadiah panglélér. Najan henteu jadi pinunjul, lain hartina kurang alus jeung teu bisa dipaké salaku alternatif bahan ajar atawa bahan bacaeun barudak. Réa buku-buku bacaan barudak séjén, anu jadi nominasi ieu hadiah panglélér tetep bisa ngagambarkeun sikep palaku anu miboga ajén atikan karakter nu hadé. Salah sahijina nyaéta séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M..

Ema Rohimah, 2022

SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPEÐAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Karakter tokoh budak dina karya sastra anu kagambar miboga tatakrama anu hadé, kapangaruhan pisan kaayaan kulawarga jeung lingkungan sabudeureunna. Hal ieu katitén dina éta carita, anu nyaritakeun ngeunaan kahirupan sapopoé Jang Adul, di lingkungan sakola jeung lingkungan sabudeureun imahna nalika interaksi jeung kulawarga ogé batur-baturna. Téma carita anu ngangkat isu-isu sosial ngeunaan hal-hal anu kaalaman dina kahirupan nyata kiwari, ngajadikeun ieu buku carita budak téh réa pisan pulunganeunana pikeun barudak.

Karakter Jang Adul anu pinuh sumanget, welas asih, jeung tanggung jawab dina éta carita, ngagambarkeun réana ajén atikan karakter jeung étnopédagogik picontoeun barudak, pikeun numuwuhkeun karakter catur diri insan salaku manusa unggul (MAUNG), nyaéta pengkuh agamana, luhur élmuna, jembar budayana, jeung rancagé gawéna (Suryalaga, 2009, kc. 10). Ku kituna, ieu karya téh bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar aprésiasi sastra Sunda di sakola, utamana di Sekolah Dasar (SD).

Dumasar kana pedaran di luhur, kasang tukang ieu panalungtikan téh di antarana nyaéta: 1) pentingna maluruh struktur carita séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M., anu bisa jadi picontoeun jeung bekel dina kahirupanana di masarakat, jeung 2) pentingna maluruh ajén atikan karakter jeung étnopédagogi dina éta carita, sangkan bisa ditangtukeun *kelayakan*, atawa luyu henteuna upama dijadikeun alternatif bahan ajar di SD.

Pikeun ngaguar hal-hal anu geus dipedar saméméhna, ieu panalungtikan téh merlukeun péso tiori anu patali jeung struktur carita, ajén atikan karakter, jeung étnopédagogi. Struktur carita baris dianalisis dumasar tiori Burhan Nurgiyantoro nyaéta palaku jeung watekna, galur, téma, latar, moral atawa amanat, puseur implengan, jeung stile. Ajén atikan karakter baris dianalisis dumasar komponén catur tunggal watak olah hati, olah pikir, olah raga jeung kinéstétik, sarta olah rasa jeung karsa anu nuduhkeun moral kamanusaan (MM), anu ngawengku (1) Moral manusa ka Pangéran (MMT); (2) Moral manusa ka diri pribadi (MMP); (3) Moral manusa ka papada manusa (MML); (4) Moral manusa ka alam (MMA); (5) Moral manusa ka waktu (MMW); jeung (6) Moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batinhiah (MMLB). Ajén étnopédagogi

dianalisis dumasar kana tiori Alwasilah anu nyoko kana kabiasaan palaku anu patali jeung lingkungan hirup, sistem kapercayaan, ékonomi jeung tatanén, sarta kakawihan jeung kaulinan barudak.

Panalungtikan-panalungtikan anu patali jeung sastra budak dina basa Sunda jeung Indonesia téh, di antarana nyaéta Jurnal “Analisis Karakteristik Sastra Anak dalam Antologi Cerpen dan Puisi Anak-anak Balon Keinginan Kurator Korrie Layun Rampan” ku Heny Fiasri Universitas Maritim Raja Ali Haji taun 2017, Tésis “Novel Budak dina Sastra Sunda : Kajian Struktural, Aspék Sosiologis, jeung Atikan Karakter ku N. Yeffa Afinite taun 2015, Tésis Struktur Carita jeung Ajén-inajén Étnopédagogik dina Buku Carita Roesdi jeung Misnem pikeun Bahan Ajar Dongéng di SMA” ku Puspita Widya taun 2019, Tésis “Analisis Struktur jeung Ajén Karakter Tokoh dina Buku Bacaan Sastra anu dilélér Hadiah Samsodi pikeun Bahan Atikan Karakter jeung Program GLS” ku Wanty Aprilianti taun 2019.

Panalungtikan sastra budak anu objékna buku anu dilélér Hadiah Samsodi, kaitung réa, tapi objék anu baris ditalungtik ku panyusun mah nyaéta buku séri carita budak nu kungsi jadi nominasi Hadiah Samsodi, nyaéta *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M., anu can kungsi ditalungtik.. Ku kituna, dilaksanakeun ieu panalungtikan anu judulna “Séri Carita Budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M. pikeun Alternatif Bahan Ajar Aprésiasi Sastra Sunda di SD”.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Masalah-masalah dina ieu panalungtikan téh nyaéta struktur, ajén atikan karakter, jeung étnopédagogik dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M.. Struktur caritana téh ngawengku palaku, galur, latar, téma, moral/amanat, puseur implengan, jeung stile. Ajén atikan karakterna ngawengku sikep-sikep anu kaasup olah hati, olah pikir, olah raga jeung kinéstétik, sarta olah rasa jeung karsa anu nuduhkeun moral kamanusaan (MM), anu ngawengku moral manusa ka Gusti Pangéran (MMT), moral manusa ka diri pribadi (MMP), moral manusa ka papada manusa (MML), moral manusa ka alam (MMA), moral manusa kana waktu (MMW), jeung moral manusa dina ngahontal

Ema Rohimah, 2022

SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPEĐAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kasugemaan lahir jeung batin (MMLB). Ajén étnopédagogi dianalisis dumasar kana tiori Alwasilah anu nyoko kana kabiasaan palaku anu patali jeung lingkungan hirup, sistem kapercayaan, ékonomi jeung tatanén, sarta kakawihan jeung kaulinan barudak.

Luyu jeung idéntifikasi masalah anu geus dipedar, masalah-masalah anu ditalungtik dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M.?
- 2) Ajén atikan karakter naon anu aya dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M.?
- 3) Ajén étnopédagogi naon anu aya dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M.?
- 4) Kumaha larapna struktur carita, ajén atikan karakter, jeung étnopédagogi dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M., pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar maca carita pondok di SD?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan téh ngawengku tujuan umum jeung husus anu dipedar saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh, nyaéta pikeun mikanyaho, maluruh, jeung ngadéskripsikeun ngeunaan struktur, ajén atikan karakter, jeung étnopédagogi dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M., pikeun alternatif bahan ajar aprésiasi sastra Sunda di Sekolah Dasar.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M.;
- 2) ajén atikan karakter dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M.;
- 3) ajén étnopédagogi dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M.;

Ema Rohimah, 2022

SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) kumaha larapna struktur carita, ajén atikan karakter, jeung étnopédagogi dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M., pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar maca carita pondok di SD.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan téh ngawengku mangpaat tioritis jeung praktis, anu dipedar saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan pangaweruh nu macana, katut jadi salah sahiji référénsi pikeun kaperluan-kaperluan anu aya pakaitna jeung panalungtikan ngeunaan buku sastra budak, ajén atikan karakter, jeung ajén étnopédagogi anu kagambar dina karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- 1) panalungtik, dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina maluruh sastra budak dina buku anu kungsi jadi nominasi pangléler Hadiah Samsodi;
- 2) guru, miboga mangpaat sangkan jadi pangdeudeul pikeun milih jeung nangtukeun bahan ajar sastra saperti carita pondok anu luyu pikeun budak SD;
- 3) siswa, nambahan kaweruh ngeunaan struktur carita, ajén atikan karakter, jeung étnopédagogi anu kagambar dina carita, pikeun picontoeun anu bisa dijadikeun bekel dina kahirupan sapopoé;
- 4) masarakat, nambahan kaweruh ngeunaan babandingan hirup kumbuh barudak lembur, dina ngalarapkeun tatakrama, anu dipangaruhan pisan ku lingkungan masarakat sabudeureun.

1.5 Raraga Tésis

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap pamungkas dina ieu panalungtikan nyaéta nyusun hiji laporan dina wangun tésis. Raraga nulisna dibagi jadi lima bab nyaéta saperti ieu di handap.

Bab I, Bubuka, anu eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan,

rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung husus, mangpaat panalungtikan, anu ngawengku mangpaat sacara tioritis jeung praktis, sarta raraga tésis.

Bab II, Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, anu eusina medar ngeunaan sastra budak, carita pondok, ajén atikan karakter, étnopédagogi, bahan ajar aprésiasi sastra, pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III, Metodologi Panalungtikan, anu medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data jeung léngkah-léngkahna, sarta instrumén panalungtikan.

Bab IV, Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu ngadéskrripsikeun ngeunaan struktur, ajén atikan karakter, jeung étnopédagogi dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M., pikeun alternatif bahan ajar aprésiasi sastra Sunda di SD.

Bab V, Kacindekan jeung Rékoméndasi, anu eusina kacindekan hasil panalungtikan, sarta méré rékoméndasi pikeun panalungtikan kahareupna.